

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina prosés komunikasi panyatur jeung pamiarsa bisa lumangsung kalawan lancar jeung bener, tangtuna sangkan bisa nyiptakeun nu ngarana rempug jukung. Salah sahiji bentuk rempug jukung nu lancar jeung bener, dina kagiatan komunikasi atawa prosés paguneman bisa dilakukeun ku cara maham kana kaidah-kaidah kabahasaan anu ngatur cara ngedalkeun basa anu merenah. Sikep maham kana ieu kaidah téh dilakukeun alatan ngira-ngira kumaha panyatur dina kagiatan paguneman. Anapon nu di maksud ngira-ngira nyaéta citra diri nu kudu diperhatikeun ku panyatur, dina ieu hal prinsip rempug jukung katinggali deui nu leuwih teleb ngeunaan hal-hal nu ngatur strategi pamilihan bentuk-bentuk nu miboga tingkatan rempug jukung nu béda-béda dina prosés komunikasi (Wahidy, 2017, kc. 2)

Komunikasi mangrupa alat makéna basa, tina kahirupan manusa sapopoé tangtuna moal leupas tina makéna basa sangkan bisa komunikasi jeung jalma lianna lancar. Prosés komunikasi bisa lumangsung lancar lantaran ayana panyatur jeung pamiarsa. Panyatur jeung pamiarsa kudu bisa gawé bareng sangkan komunikasi bisa katepikeun kalawan bener tanpa ayana pasalia paham. Ku kituna penting pikeun nyieun kalimah anu merenah nalika komunikasi. Tina prosés komunikasi lumangsung tangtuna aya dina kontéks anu tangtu. Ulikan atawa paélmuan ngeunaan basa jeung kontéks téh nyaéta pragmatik.

Élmu ngeunaan pragmatik mangrupa cabang élmu anu masih kaitung anyar nu bisa diperhatikeun dina kamekaranana. Para ahli basa tangtuna merhatikeun pisan ngeunaan paélmuan pragmatik, nu mana antukna ngalaman kamekaran nu gancang pisan (Rohmadi, 2004). Ieu hal bisa kalaksana lantaran basa silih patali dina kahirupan sapopoé, saperti kamekaran téhnologi, kabudayaan, Pendidikan, sarta pola pikir manusa anu tuluy ngalaman kamajuan. Pragmatik ogé bisa dijadikeun acuan bener salahna ngagunakeun basa dina komunikasi (Lestari, 2019).

Tina prosés lumangsungna komunikasi bisa ngaliwatan lisan jeung tulisan. komunikasi anu lumangsung kalawan lisan mangrupa komunikasi anu ngagunakeun kaparigelan nyarita contona waé paguneman sapopoé. Sedengkeun komunikasi anu ngaliwatan tulisan mangrupa komunikasi anu ngagunakeun kaparigelan nulis jeung maca. Ku sabab kitu, maksim rempug jukung salian tina lisan bisa kapanggih dina tulisan, contona nyaéta tina novél. Nurutkeun Darmawan, (2015:3) novél miboga peranan anu kawilang penting lantaran bisa ngembangkeun hiji karakter sarta hubungan sosial anu matalikeun sababaraha karakter sarta paristiwa nu lian. Novél miboga tingkat kasusah dina hal panulisan kusabab dina nulis novél ngabutuhkeun skala nu gedé nu antukna nyangkaruk sababaraha aspék nu leuwih lega. Nyieun novél ogé bisa dianggap babari kusabab ngagambarkeun unggal paristiwa atawa situasi nu pernah kaalaman atawa paristiwa tur situasi nu ngagambarkeun hayalan. Novél ogé loba kairut ku sagala jinis kalangan, boh barudak boh para rumaja.

Salah sahiji pangarang novél anu ngahususkeun dirina nulis karya sastra nyaéta Agus Sugianto. Dina taun 2011 ngaran Agus Sugianto meunang hadiah penghargaan ti Kamentrian Pendidikan dan Kebudayaan salaku juara Sayembara Penulisan Naskah Buku Pengayaan anu judulna *Rumpun Bakau Menghijau di Garis Pantai*. Tulisanna ogé dimuat dina majalah Mangle, SKM Galura, Cacandra.com, jeung Ayo Bandung.com. Tuluy taun 2021 meunangkeun hadiah sastra LBSS jang fiksi mini *Méja Kai Mahoni* nu dipublikasikeun di grup Facebook Fiksimini Basa Sunda, teu nepi dinya karya-karyana ogé dibuku keun nyaéta dina *Kandaga Serat Rucita* jeung *Urang Sunda Napak Jaman*. Salasahiji karya sastra na ogé nu mangrupa novél “*Lapang Di Pasir Leutik*” Karya Agus Sugianto jadi bahan ieu panalungtikan. Dina éta novél kapanggih rupa-rupa omongan anu nuduhkeun unsur maksim rumpug jukung.

Panalungtikan ngeunaan téks atawa paguneman perlu dilakukeun pikeun bisa maham inti tina eusi novél, lamun ditilik tina wangunna tangtuna novél téh boh dihaja atawa henteu nalika nuliskeun paguneman pastina ngagunakeun prinsip-prinsip paguneman diantarana nyaéta prinsip rempugjukung anu ditujukeun ka panyatur pikeun ngajaga kalancaran komunikasi sok sanajan masih kénéh loba

maksim anu ngareumpak. Tujuan dina ieu prinsip rempug jukung téh nyaéta nepikeun informasi kalawan jelas tur rinci (Samad, 2017, kc.9).

Dina novél ogé diwangun ku paguneman para tokohna, nu mana unggal paguneman téh tangtuna mibanda pola-pola anu geus tangtu. Pola paguneman atawa dialog nyaéta mangrupa komunikasi basa nu miboga sipat timbal-balik (interaksional), nu nuduhkeun antara panyatur jeung pamiarsa silih genti tina ngedalkeun omonganna (Sudaryat, 2016, kc. 14).

Panalungtikan ngeunaan prinsip rempug jukung saméméhna geus aya nu ngalaksanakeun nyaéta “*Prinsip Rempug Jukung dina Kumpulan Carpon Teu Tulus Paeh Nundutan Karya Ki Umbara (Ulikan Pragmatik).*” (Juliwandina, 2024) ieu panalungtikan medar ngeunaan prinsip rempug jukung nu mana nyokot data na tina paguneman nu aya tina *Kumpulan Carpon Teu Tulus Paeh Nundutan Karya Ki Umbara*. Aya ogé panalungtikan séjén nyaéta “*Prinsip Gawe Bareng jeung Sipat Omongan dina Kumpulan Carpon Murang-Maring Karya Godi Suwarna.*” (Mauldhini, 2022) ieu panalungtikan teu jauh béda jeung nu diluhur, nu ngabédakeunna nyaéta aya tina objék panalungtikanna, nu mana tina ieu panalungtikan nyokot paguneman nu aya tina *kumpulan carpon Murang-Maring Karya Godi Suwarna*. Salian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nyaéta “*Tingkat Kasatuhuan Prinsip Gawe Bareng Paguneman Kalawarta TVRI Jawa Barat*” (Marwah, 2020) panalungtikan ieu ngeunaan prinsip gawé bareng atawa kecap séjénna prinsip rempug jukung nu leuwih nyoko kana paguneman nu aya dina acara télépisi nyaéta Kalawarta TVRI Jawa Barat. Salian panalungtikan di luhur, aya ogé panalungtikan anu silih patali jeung prinsip rempug jukung nyaéta “*Struktur Wacana Percakapan dalam Program Obrolan Televisi*”(Fitriah, Sudaryat, & Hernawan, 2020) ieu panalungtikan ngeunaan kagiatan destruktif tina paguneman saperti motong omongan pamiarsa anu bisa ngabalukarkeun kabiasaan anu goréng antara panyatur jeung pamiarsa. Aya ogé panalungtikan ngeunaan “*Tindak Tutur Ilokusi Dalam Novel Budak Teuneung Karya Samsodi (KAJIAN PRAGMATIK)*” (Hidayat, Sudaryat, & Hernawan, 2022) eusina ngabahas ngeunaan tindak tutur ilokusi nu aya tina novel *Budak Teuneung* karya Samsodi.

Dumasar panalungtikan-panalungtikan nu geus kungsi ditalungtik, tangtuna panalungtikan ngeunaan prinsip rempug jukung téh geus aya. Sanajan kitu, unggal panalungtikan tangtuna miboga ulikan anu béda. Ku kituna, tina ieu panalungtikan anu baris dilaksanakeun miboga maksud pikeun ngajembarkeun pangaweruh ngeunaan prinsip rempug jukung hususna kana nu makéna basa. Sasaruaan ieu panalungtikan jeung nu séjénna nyaéta maluruh harti nu aya dina paguneman unggal tokoh. Sedengkeun bébédaanna nyaéta tina sumber data anu dipaluruh, nu mana sumber data tina ieu panalungtikan nyaéta novél *Lapang di Pasir Leutik* Karya Agus Sugianto Ku kituna, dumasar kana kasang tukang pasualan anu geus dipedar saméméhna, panalungtikan ngeunaan “Prinsip Rempug Jukung dina Novél *Lapang di Pasir Leutik* Karya Agus Sugianto (Ulikan Pragmatik)” perlu diayakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dina jero novél tangtuna nyangkaruk paguneman para palaku. Paguneman anu nyampak tina novél patali jeung omongan anu rék dikedalkeun, kaasup ogé harti atawa ma'na. dina paguneman ogé perlu ditinggali kumaha larapna prinsip rempug jukungna. Ku sabab kitu, hiji bacaan bisa mangaruhan ku cara méré ajén positif kana pamahaman ngeunaan paguneman anu dilakukeun. Ku kituna, aya sawatara masalah anu bisa diidéntifikasi, nyaéta (1) pola paguneman nu kaasup prinsip rempug jukung; jeung (2) wanda maksim prinsip rempug jukung dina paguneman.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi pasualan dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya dihandap.

- a. Kumaha pola paguneman nu ngandung unsur prinsip rempug jukung dina novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto?
- b. Maksim naon waé anu aya dina omongan nu ngandung prinsip rempug jukung dina novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang tur rumusan masalah anu geus dijéntrékeun di luhur, ieu panalungtikan teu kitu waé dilakukeun lamun henteu miboga tujuan.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan anu kudu dihontal tina ieu panalungtikan téh pikeun manggihan jeung ngadéskripsikeun pola paguneman tur unsur maksim rumpug jukung ngaliwatan paguneman nu nyampak dina novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto.

1.3.2 Tujuan Khusus

Salian ti tujuan umum, ieu panalungtikan miboga tujuan husus, eusi déskripsina ngawengku dua hal ieu di handap.

- a. Pola paguneman anu ngandung prinsip rempug jukung dina novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto.
- b. Maksim dina omongan anu ngandung prinsip rempug jukung dina novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngawengku dua aspek nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat, nilik kana mangpaat téoritisna dipiharep bisa neuleuman pangaweruh ngeunaan prinsip rempug jukung. Salian ti éta ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong kana kapentingan kamekaran élmu, hususna élmu pragmatik, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun leuwih teleb deui, boh kana sasaran anu sajinis boh sasaran anu teu sajinis.

1.4.2 Manfaat Praktis

Salian mangpaat téoritis ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis bisa diwincik saperti ieu dihandap.

- a. Sacara akademis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun pangaweruh anu jembar ngeunaan prinsip rempug jukung. Ieu panalungtikan ogé bisa jadi ambahan pikeun

alternatif bahan ajar ngeunaan pragmatik ogé bisa dijadikeun bahan *referensi* pikeun panalungtik séjén.

- b. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa ngamekarkeun wawasan jeung pangaweruh ngeunaan prinsip rempug jukung utamana dina paguneman nu digunakeun tina kahirupan sapopoé.
- c. Pikeun balaréa, salaku bahan pieunteungeun kana ajén-ajén prinsip rempug jukung anu aya dina paguneman novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto.
- d. Pikeun pangajaran, hasil panalungtikan bisa dijadikeun sumber bahan ajar keur siswa.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Ambahan ieu panalungtikan ngawengku pola paguneman nu ngandung prinsip rempug jukung jeung wanda maksim prinsip rempug jukung dina paguneman anu kapanggih dina novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto. Ari ambahanana dipidangkeun dina lima bab.

BAB I Bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung ambahan panalungtikan.

BAB II Tilikan Tiori, anu ngawengku ulikan tiori jeung panalungtikan samemehna. Ulikan tiori Nyoko kana raraga mikir jeung landasan panalungtikan.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku uraian Metode Panalungtikan anu ngajéntrékeun metode anu digunakeun dina panalungtikan, kaasup jenis panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta prosédur analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngawengku hasil panalungtikan dina wangun téks, jeung tabél nu mangrupa data pola paguneman nu ngandung prinsip rempug jukung jeung wanda maksim prinsip rempug jukung. Tina ieu bagian hasil panalungtikan dipatalikeun jeung tiori atawa panalungtikan saméméhna.

BAB V Kacindekan jeung rekomendasi, eusina ngawengku kacindekan hasil analisis sarta ngajawab rumusan masalah, ieu bagian ogé méré saran pikeun panalungtikan salajengna atawa implikasi praktis tina pamanggih panalungtikan.